

Depi 1ye janvyè 2018, Konje Peye pou Fanmi ap ba ou yon estrikti pou ede anplwaye ou yo pran swen fanmi yo lè yo nan bezwen. Nou te wè konje peye ogmante moral nan espas travay la epi li ede anplwaye yo rete nan travay yo. Se nan kontribisyon sou chèk anplwaye yo ki finanse tout lajan pou Konje Peye pou Fanmi New York.

Konje Peye pou Fanmi bay anplwaye ki bezwen tan lwen travay bay konje peye pandan travay yo pwoteje yo kapab:



### KREYE LYEN

ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun ou fenk adopte, oswa timoun ou fenk resevwa nan fwaye dakèy



### PRAN SWEN

yon fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav



### EDE

pwòch ou lè yo voye yon fanm aletranje nan sèvis militè aktiv

## Ki pwoteksyon patwon yo bezwen

Pifò patwon prive ki gen youn (1) oswa plizyè anplwaye k ap travay nan Eta New York oblije gen asirans Konje Peye pou Fanmi an plas. Anjeneral, yo pral ajoute pwoteksyon sa a sou kontra asirans pou andikap ou deja genyen. Kontra asirans lan bay peman avantaj Konje Peye pou Fanmi pou anplwaye ou yo. Anplwayè piblik yo ka chwazi ofri Konje Peye pou Fanmi pou anplwaye yo. Patwon piblik ak anplwaye ki gen sendika ki reprezante yo ka ofri Konje Peye pou Fanmi si yo negosye li nan negosyasyon kolektif.

## E si ou deja ofri Konje Peye pou Fanmi?

Ou dwe garanti avantaj Konje Peye pou Fanmi ou yo ofri sa lalwa egziye, ominimòm, men, ou ka chwazi bay ofri yon règleman konje ki ofri plis avantaj. Patwon ki kouvri yo oblije achte yon kontra asirans oswa ofri Konje Peye pou Fanmi dirèkteman si yo apwouve li kòm yon konpayi ki finanse pwòp asirans li. Si ou peye salè konplè bay anplwaye ou yo pandan yo nan Konje Peye pou Fanmi, ou ka al dèyè ranbousman nan men konpayi asirans ou an pou kantite lajan ou gendwa touche anba règleman Konje Peye pou Fanmi ou a.

## Kijan yo finanse Konje Peye pou Fanmi?

Yo finanse Konje Peye pou Fanmi nan kontribisyon pewòl anplwaye yo mete apa chak ane pou kouvri depans pou pwoteksyon an. N ap evalye to kontribisyon anplwaye yo chak ane, epi Depatman Sèvis Finansyè Eta New York ka chanje li. Ale sou [PaidFamilyLeave.ny.gov/cost](https://www.paidfamilyleave.ny.gov/cost) pou konnen dènye to kontribisyon an ak kontribisyon maksimòm anyèl a.

## Kisa avantaj yo ye?

Konje Peye pou Fanmi bay avantaj konje ak ranplasman salè yo pral entwodi gradyèlman pou fini an 2021. Anplwaye ki kalifye yo ka pran konje epi resevwa yon pousantaj salè mwayèn pa semèn (AWW), ki limite nan menm pousantaj la nan Salè Mwayen pa Semèn (SAWW) Eta New York la. Yo mete SAWW a ajou chak ane. AWW anplwaye a se mwayèn anplwaye a peye pou yuit (8) semèn ki sot pase yo nan kote anplwaye a te travay ak resevwa salè avan yo kòmanse Konje Peye pou Fanmi.

AVANTAJ YO AP OGMANTE JISKA 2021:		
Ane	Semèn Konje	Avantaj yo
2019	10 semèn	55% AWW anplwaye a, jiska 55% SAWW*
2020	10 semèn	60% AWW anplwaye a, jiska 60% SAWW
2021	12 semèn	67% AWW anplwaye a, jiska 67% SAWW

\*Limit pou 2019 la se 55% SAWW ane 2017 la, \$1,357.11.



## Kimoun ki kalifye pou Konje Peye pou Fanmi?

Anplwaye ki travay pou patwon ki kouvri yo kalifye pou pran Konje Peye pou Fanmi pou yon evènman ki kalifye lè ou satisfè kondisyon minimòm yo:

- **Anplwaye ki travay atan plen yo:** Anplwaye ki gen yon orè travay regilye kote yo travay pou 20 èdtan oswa plis pa semèn ap kalifye apre 26 semèn travay youn apre lòt nan travay yo.
- **Anplwaye a tan pasyèl yo:** Anplwaye gen yon orè travay regilye kote yo travay mwens pase 20 èdtan pa semèn ap kalifye apre yo te travay 175 jou nan travay yo, epi yo pa bezwen youn apre lòt.

Yo pa konsidere sitwayènte ak / oswa sityasyon ak imigrasyon pou deside si anplwaye a kalifye.

## Kijan Konje Peye pou Fanmi ede fanmi anplwaye ou yo?

- **Kreye lyen ak yon timoun:** Yon anplwaye ka kreye lyen ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun li fenk adopte, oswa timoun li fenk resevwa nan fwaye dakèy nan premye 12 mwa li fèt oswa li pran li a.
- **Pran swen yon fanmi:** Yon anplwaye ka pran tan pou pran swen yon mari, madanm, moun li plase ak li, pitit, pitit mari/madanm li, paran, madanm/mari paran li, manman/papa madanm oswa mari li, oswa pitit-pitit li ki gen yon pwoblèm sante grav.
- **Ede yon moun ki nan militè:** Yon anplwaye ka pran tan pou pran swen yon mari, madanm, moun li plase ak li, pitit, pitit mari/madanm li, paran, madanm/mari paran li, manman/papa madanm oswa mari li lè yo voye yo aletranje nan sèvis militè aktif.

## Èske anplwaye yo ka deside pa patisipe?

Pwoteksyon Konje Peye pou Fanmi obligatwa pou pifò anplwaye. Anplwaye yo ka sèlman renonse pwoteksyon si yo:

- travay mwens pase 20 èdtan pa semèn regilyèman epi yo pa pral travay 175 jou nan yon ane, oswa
- travay 20 oswa plis èdtan pa semèn regilyèman, men li pa pral nan travay 26 semèn youn apre lòt.

Si anplwaye a satisfè kritè pou renonse pwoteksyon, ou dwe ba li yon fòm egzanpsyon, ki disponib tou sou sitwèb Konje Peye pou Fanmi a. Si yon anplwaye chwazi renonse pwoteksyon, li pa pral fè kontribisyon epi li p ap kalifye pou avantaj Konje Peye pou Fanmi yo. Tanpri kenbe yon kopi egzanpsyon anplwaye a nan dosye li.

## Èske yo ka anile egzanpsyon?

Si yon chanjman nan orè yon anplwaye lakòz li vin pa kalifye pou yon egzanpsyon ankò, egzanpsyon li an ap anile otomatikman. Yon anplwaye ka anile yon egzanpsyon yo menm nenpòt ki lè tou.

Si yo anile egzanpsyon yon anplwaye, ou ka kòmanse pran kontribisyon Konje Peye pou Fanmi epi touche nenpòt peman retwo-aktiv jiska dat anplwaye a te siyen egzanpsyon an. Men tou, sonje nenpòt montan ou te touche anplis nan prim PFL asirans ou te mande, w ap bezwen remèt anplwaye yo li kòm sadwa.

## Ki wòl patwon an nan pwosesis demann lan?

Anplwaye yo responsab pou soumèt demann pou Konje Peye pou Fanmi bay konpayi asirans ou; li pa responsablite ou kòm patwon an. Wòl ou senp:

- **Anplwaye yo mete ou okouran:** Anplwaye yo dwe notife ou (patwon yo) omwen 30 jou anvan yo kòmanse konje ou si yo ka prevwa li; sinon, yo dwe di ou sa sa pi vit posib.
- **Bay fòm demann:** Ou ta dwe gen Fòm demann Konje Peye pou Fanmi yo disponib pou bay anplwaye yo depi yo mande. Yo kapab jwenn fòm sa yo tou nan konpayi asirans ou a oswa dirèkteman nan [PaidFamilyLeave.ny.gov/forms](https://PaidFamilyLeave.ny.gov/forms).
- **Ranpli pòsyon patwon an nan fòm demann lan:** *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)* la gen yon seksyon (*Pati B*) patwon an sipoze ranpli. Lè anplwaye yo ba ou fòm sa a, ou gen twà (3) jou ouvrab pou ranpli *Pati B* epi retounen fòm lan bay yo. Si gen yon reta, anplwaye yo pa oblije ret tann pou kontinye. Yo ka voye *Fòm PFL-1* yo te ranpli a, ansanm ak rès dosye demann yo an, dirèkteman bay konpayi asirans lan. Yo p ap ka konsidere demann a pa konplè sèlman paske ou pa te ranpli *Pati B* nan *Fòm PFL-1* nan twa (3) ouvrab.

Anplwaye yo dwe soumèt dosye demann yo ranpli a bay konpayi asirans la nan yon delè 30 jou apre yo kòmanse konje a pou yo pa pèdi avantaj yo. Nan pifò ka, konpayi asirans la dwe swa peye oswa refize demann lan nan yon delè 18 jou apre yo resevwa demann konplè a oswa premye jou konje anplwaye a, sa ki rive pi ta a.



## Lis Verifikasyon pou Patwon an

Eta New York ki fè Konje Peye pou Fanmi yon fason ki fasil pou patwon yo mete ann aplikasyon. Anba la a se yon lis verifikasyon responsablite ou anba lalwa.

### Asire ou gen asirans Konje Peye pou Fanmi.

- Si ou oblije gen asirans andikap, ou oblije gen Konje Peye pou Fanmi tou.
- Pou jwenn yon lis konpayi asirans ki ofri kontra avantaj pou andikap Konje Peye pou Fanmi, ale sou seksyon Konje Peye pou Fanmi nan sitwèb Depatman Sèvis Finansyè a nan [dfs.ny.gov/PFL](https://dfs.ny.gov/PFL).

### Enfòmè anplwaye ou yo sou Konje Peye pou Fanmi.

- Manyèl ak/oswa lòt liv enfòmasyon pou anplwaye yo ta dwe gen enfòmasyon sou Konje Peye pou Fanmi nan yo.
- Egzanp langaj pou mete nan tiliv la oswa lòt enfòmasyon alekri disponib pou telechaje nan seksyon Patwon nan [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://PaidFamilyLeave.ny.gov). Ou ka pèsonalize li, oswa jis ranpli yon espas vid epi enprime li konsa.
- Mete yon *Deklarasyon sou Dwa (Fòm PFL-271S)* disponib pou anplwaye yo. Fòm sa a disponib tou nan seksyon Patwon an nan [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://PaidFamilyLeave.ny.gov).

### Kolekte kontribisyon sou chèk anplwaye pou peye pou asirans lan.

- Ou ka kenbe kontribisyon anplwaye yo nan pousantaj DFS fikse chak ane pou peye pou asirans la jiskaske anplwaye yo rive nan kontribisyon maksimòm anyèl yo.
- Detay sou pousantaj dediksyon aktyèl ak kontribisyon maksimòm anyèl, ansanm avèk yon kalkilatris dediksyon, disponib nan [PaidFamilyLeave.ny.gov/cost](https://PaidFamilyLeave.ny.gov/cost).
- Nou rekòmande atoutfòs ou mete anplwaye yo okouran avan ou kòmanse pran kontribisyon yo. Yon egzanp notifikasyon an disponib nan seksyon Patwon an nan [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://PaidFamilyLeave.ny.gov).

### Bay moun ki kalifye yo egzanpsyon.

- Idantifye tout anplwaye ki travay regilyèman pou mwens pase 20 èdtan pa semèn epi ou pa pral travay 175 jou nan yon ane oswa si yo travay regilyèman 20 oswa plis èdtan pa semèn men ou pa pral nan travay pou 26 semèn youn apre lòt.
- Bay anplwaye sa yo yon fòm renonsyasyon, ki disponib nan [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://PaidFamilyLeave.ny.gov).
- Kenbe tout egzanpsyon anplwaye yo nan dosye yo.

### Afiche yon avi pou anplwaye.

- Konpayi asirans ou an dwe ba ou yon *Avi konfòmite (Fòm PFL-120)* - ki rele tou "*Avi bay Anplwaye*" - ki deklare ou gen asirans pou Konje Peye pou Fanmi epi ou bay anplwaye ou yo enfòmasyon kle sou avantaj la.
- Si ou finanse pwòp asirans ou, ou kapab jwenn avi sa a lè w kontakte Komisyon Administrasyon Konpansasyon Travayè Eta New York la nan [certificates@wcb.ny.gov](mailto:certificates@wcb.ny.gov).
- Afiche epi kenbe avi sa a kote tout moun ap ka wè, menm jan ak afich pou konpansasyon travayè ak asirans pou andikap yo.

### Travay sou demann yo.

- Lè yon anplwaye aplike pou konje, yo pral ba ou *Demann pou Konje Peye pou Fanmi (Fòm PFL-1)* pou ranpli seksyon patwon an nan (*Pati B*).
- Ranpli *Pati B* epi retounen fòm lan bay anplwaye a nan trwa (3) jou ouvrab.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ansanm ak fòm Konje Peye pou Fanmi yo ak lòt resous pou anplwayè, ale sou sitwèb [PaidFamilyLeave.ny.gov](https://PaidFamilyLeave.ny.gov) oswa rele (844) 337-6303.



**Paid Family Leave**